Siyati anplwaye ki sèvi temwen an \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## Oryantasyon nan pwogram pou tretman nan Care Resource

Pwogram ki genyen nan Care Resource pou malad ki pa entène yo bay sèvis konpetan dapre prensip ki gen nan klinik yo. Sèvis sa yo se konsèy endividyèl, konsèy an fanmi ak an gwoup epi sesyon edikatif pou moun kap viv ak VIH/SIDA oswa moun ki nan risk pou gen VIH/SIDA, epi byen souvan, k ap soufri maladi mantal an menm tan.

Terapis ki travay nan pwogram Care Resource la yo toujou sansib an patikilye a efè dyagnostik, tretman ak evolasyon viris la genyen sou endividi, yon koup, ak yon fanmi. Nou enkòpore edikasyon sou VIH/SIDA, enfòmasyon sou tretman, patisipasyon nan sesyon konsèy ak rediksyon risk pou pèmèt kliyan yo resevwa sèvis anplis ki endispansab yo nan men yon pèsònèl ki vrèman kalifye.

Anplwaye ki travay tan plen yo ak anplwaye ki gen kontra pou travay pa jou yo anrejistre epi yo gen lisans yo nan travay sosyal dapre prensip klinik yo ak nan konsèy sou lasante mantal. Chak terapèst fè omwen 30 èdtan nan klas pou fòmasyon anplis chak 2 lane.

Nan Care Resource, nou resevwa referans pou pwogram pou tretman kòm malad ki pa entène a dirèkteman de kliyan ki enterese yo; de sistèm tretman pou VIH/SIDA, pwogram ki bay asistans tanporè pou fanmi ki nan nesese, òganizasyon ki fè sèvis kominotè yo ak manm fanmi yo. Lè yo rantre nan tretman an, kliyan yo jwenn yon pèsònèl ki ouvri de bra yo pou resevwa yo, pa gen lisdatant, epi nou fè yon evalyasyon konplè dapre prensip pou dyagnostik American Psychological Association [Asosyasyon sikolojik nan Etazini] yo epi dapre dyagnostik Statistical Manual of Mental Disorders [Liv estatistik sou maladi mantal yo], epi nou itilize metòd American Society of Addictions Medicine [Sosyete pou tretman adiksyon nan Etazini] pou nou detèmine nivo tretman an. Kliyan ki bezwen lòt nivo tretman resevwa yon lis referans nan sèvis ki apwopriye yo epi ki kapab satisfè bezwen patikilye kliyan an. Akò pou kooperasyon ansanm ak dezentoksikasyon, malad ki entène, ospitalizasyon pasyèl, tretman lajounen ak sèvis sikyatrik garanti aksè rapid nan lòt nivo swen ak sèvis. Si apre yon evalyasyon konplè, konsèy pou malad ki pa entène se nivo swen ki apwopriye a, nou bay kliyan an rezilta evalyasyon an ansanm ak rekòmandasyon nou pou tretman. Nou pale de benefis espesifik yo, lòt tretman altènatif yo ak risk yo. Nou bay malad yo enfòmasyon epi nou pran konsantman yo pou nou kapab garanti yo rantre nan pwogram lan alafwa volontèman e alafwa byen enfòmè. Egzijans pou lisans pou pwogram etatik yo fè konnen sesyon yo dwe fèt omwen yon fwa pa semèn pou yo kapab apwopriye. Pou malad la fè mwens sesyon, terapèst la dwe jistifye sa alekri epi li dwe mete sa nan dosye malad la.

Anplis enkòpore STI, VIH/SIDA ak enkyetid tout maladi yon moun genyen an menm tan yo, nan tretman malad ki pa entène epi k ap fè tretman pou abi dwòg, devlopman yon plan tretman ki konsantre, ki pèsònèl, epi ki baze sou fòs kliyan an, nou bay yon tablo ki gen prensip pou kliyan an ak terapèst la suiv pou yo kapab ale nan chemen ki bay pi bon fonksyon an ak moderasyon. Terapi endividyèl, edikasyon, gwoup ak referans melanje ansanm ak sèvis anplis pou satisfè bezwen kliyan an ak pou reyalize objektif tretman an. Nou ankouraje kliyan, ki gen lòt manm fanmi yo oswa bon zanmi ki bay yo sipò pou yo kapab reyalize objektif tretman an, pou yo enkòpore patisipasyon yo nan tretman an nan terapi pou koup oswa nan terapi an fanmi, edikasyon ak/oswa sipò.

Abstinans, rediksyon danje, anpeche malad la rechite, plis konesans sou depandans sou dwòg, devlopman yon rezo pou sipò, prezèvasyon epi viv san pran dwòg, se kèk domèn byen presi nan travay terapèstik la.

Anplis, gen kèk kliyan Care Resource ki mentni objektif ki gen pou wè ak prezèvasyon fanmi, endepandans ekonomik, ak ankourajman responsablite fanmi an, nan swen pou timoun epi nan bati rapò ki dire lontan.

Revizyon regilye fèt nan plan pou tretman an omwen chak trant (30) jou oswa lè li enpòtan pou fè chanjman nan plan an pou nou kapab garanti bon jan pwogrè ak chanjman nan tretman an ak pou nou kapab konsantre nou sou bezwen kliyan an. American Society of Addiction Medicine's Continued Stay Criteria [Kondisyon pou tretman pwolonje dapre Sosyete pou tretman adiksyon nan Etazini] ede gide doktè yo lè y ap deside kantite tan oswa chanjman ki apwopriye pou yo nan nivo swen ki nesese yo. Sipèvizè a fè pati pèsònèl k ap pran swen malad la, nan sityasyon ki difisil oswa ki egzijan pou kliyan an, oswa nou itilize yon ekip espesyalis nan plizyè domèn lè n ap bay kliyan an yon lòt sèvis pou nou kapab garanti kliyan an benefisye de eksperyans tout espesyalis yo ak de resous ajans lan. Tout entèn ki anrejistre yo resevwa

Siyati: Prenon: ID #

Dat Nesans:

sipèvizyon pèsònèl ki gen lisans sou plas pou nou ka konnen yo bay bon kalite sèvis ak sipèvizyon endividyèl regilye ak sipèvizyon an gwoup.

Byen souvan kliyan yo fè konnen lè yo rechite. Aprè sa, byenke nou kapab fè tès pipi, li pa souvan nesese pou detèminen si kliyan an ap pran dwòg oswa si l ap fè pwogrè. Pwosedi ki vize pou mentni itilite ak otantisite echantiyon nou kolekte yo detèmine si terapi la dwe fè tès pou li kapab garanti kliyan ki oblije rapòte bay tyès pati tankou depatman libète siveye oswa depatman timoun ak fanmi fè sa ak presizyon epi gen aksyon ki kapab fèt.

Plan pou bay egzeya vle di fè soti konpòtman ki montre chanjman ki, yon fwa yo fèt, demontre nou reyalize objektif tretman an avèk siksè. Lè nap fè planifikasyon ka a, nou enkòpore plan pou egzeya ki pèmèt kliyan an konprann klèman lè li reyalize objektif tretman an avèk siksè.

Pwogram lan piti epi li espesyalize pou satisfè bezwen 2 gwoup byen presi: moun VIH/SIDA afekte yo ak moun ki patisipe nan Pwogram Temporary Assistance to Needy Families [pwogram ki bay asistans tanporè pou fanmi ki nan nesese]. Nou sèvi apeprè 30 moun pa ane. Anjeneral, sesion yo fèt yon fwa pa semèn pandan yon peryòd 6 mwa an mwayèn. Gwoup ki nan Care Resource yo gen yon reyinyon pou sipò ak tretman pou VIH ki fèt jedi a 6:00 pm nan sal konferans nou genyen nan dezyèm etaj la, epi nou ankouraje moun patisipe nan reyinyon AA/NA/Al-anon yo tou. Kontakte terapi ou pou w ka jwenn referans pou gwoup sa yo oswa tcheke sou entènèt la pou w ka jwenn enfòmasyon sou moun oswa kote pou kontakte yo nan [www.careresource.org](http://www.careresource.org).

Enkyetid pou lasante mantal ak abi dwòg kapab gen yon efè sou pwopagasyon VIH ak enfeksyon moun trape nan fè sèks. Nou rekòmande pou tout patisipan fè tès pou VIH (si yo poko konnen ki kote yo gad), pou yo fè tès depistaj pou TB (tibèkiloz) ak tès regilye pou STI (enfeksyon moun trape nan fè sèks) si yo nan fè aktive seksyèl pou w kapab konnen bezwen medikal ou satisfè kòmilfo, epi konsa ou ede redui pwopagasyon enfeksyon sa yo nan kominote nou an paske ou resevwa bonjan tretman an byen vit.

Pou fè tès pou VIH, annik vini lè biwo nou yo ouvri, siyen epi rete tann pou nou fè yon tès byen vit pou ou (apeprè 30 minit). Pou tès depistaj pou maladi moun trape nan fè sèks, si w wè pwòp doktè pa w isit la, mande pou li fè yon evalyasyon konplè pou enfeksyon moun trape nan fè sèks pou ou, oswa ale swa nan depatman lasante oswa nan Planned Parenthood nan youn nan kote sa yo:

#### Enfòmasyon konsènan Depatman Lasante (pri a depann de salè w):

<a href="#">Miami Dade CHD-Downtown Clinic</a>	1350 NW 14th St.	Miami	305-547-5588
<a href="#">Little Haiti Health Center</a>	300 NE 80 Terrace	Miami	305-325-3567
<a href="#">MDCH - P.E.T. CENTER</a>	615 Collins Avenue	Miami Beach	305-535-5540x107
<a href="#">Miami Dade CHD- West Perrine Health Center</a>	18255 Homestead Avenue	Miami-Dade	305-256-6315

#### Planned Parenthood (rele pou mande pri):

North Miami Health Center	681 N.E. 125th St.	Miami	(305) 895-7756
Kendall Health Center	11440 S.W. 88th St., Suite 109		(786) 263-0001
<a href="#">Jean Shehan Family Planning Clinic</a> 3	119A SW 22nd Street		(305) 285-5535

#### Kontwòl enfeksyon (Prekosyon inivèsèl)

Pwogram pou Tretman nan Care Resource la mete prekosyon inivèsèl an pratik pou anpeche pwopagasyon òganis patojenik. Sa vle di nou egzije anplwaye nou yo epi nou ankouraje kliyan nou yo lave men yo aprè yo fin itilize twalèt. Nou trete tout espesimèn yo tankou se materyèl ki kapab bay enfeksyon epi nou mete an pratik prensip ak règleman ki genyen sou kouman pou trete materyèl ki kapab bay enfeksyon yo.

#### Pri yo

Siyati: Prenon: ID #

Dat Nesans:

**Pou moun ki pa kalifye pou pwogram ki finanse ak fon piblik yo** oswa ki vle peye an prive, nou chaje yon pri pou konsèy ki etabli dapre yon echèl pri ki varye epi ki baze sou kantite moun ki nan fanmi an ak salè fanmi an epi ki fèt pou akomode mwayen kliyan genyen pou li peye pou sèvis li bezwen yo.

### **Gwoup ki bay sipò pou lemoman**

#### **Care Resource**

Jedi 6:00-8:00 PM Gwoup ki bay sipò pou moun ki gen VIH Rele Gretchen Beesing, MSW pou enskri 305-576-1234

Lendi 6:30-8:30 PM Gwoup an panyòl, rele Carlos Saldarriaga oswa Aida Petrak pou kòmanse 305-576-1234

#### **Jackson Memorial**

Madi 1:00-3:00 PM Nouvo Dyagnostik? Nestor Chardon, Kowòdonatè Edikasyon Malad, 305-243-8872.

<http://www.aidsnet.org/main/mdhaplinks/0309sfanenglish.pdf>

<http://www.aidsnet.org/main/mdhaplinks/0309sfanspanish.pdf>

<http://www.aidsnet.org/main/mdhaplinks/0309sfancreole.pdf>

North Miami + Friends Madi 6:00 - 8:00 p.m. kontakte Louis nan 305-496-5417

North Miami chak lèt madi 4-5:30 PM rele  
305-981-4290 oubyen 305-981-4285

Hialeah mèkredi 7:00–9:00 PM  
305-891-2066

South Dade 2<sup>zyèm</sup> ak 4<sup>yèm</sup> mèkredi  
10:00 - 11:30 nan maten

**Echèl frè ki varye epi ki baze sou kantite moun ki nan fanmi an ak salè fanmi an pou konsèy sikososal:**

Kantite moun nan fanmi an	A	B	C	D	E	F
	< 100% \$1.00 Ko- peman	101-150%	151-200%	201-250%	251-300%	>300% an montan
% pri ki dwe a		20%	40%	60%	80%	100%
<b>Rezime</b>		100%	80%	60%	40%	20%
Evalyasyon konplè (nouvo malad)		\$195.00	\$156.00	\$117.00	\$78.00	\$39.00
Evalyasyon konplè (malad ki deja etabli)		\$150.00	\$120.00	\$90.00	\$60.00	\$30.00
		\$0.00	\$0.00	\$0.00	\$0.00	\$0.00
Terapi endividyèl/an fanmi		\$75.00	\$60.00	\$45.00	\$30.00	\$15.00
Gwoup		\$25.00	\$20.00	\$15.00	\$10.00	\$5.00
Vizit nan klinik		\$25.00	\$20.00	\$15.00	\$10.00	\$5.00
		\$0.00	\$0.00	\$0.00	\$0.00	\$0.00
Devlopman plan pou tretman		\$150.00	\$120.00	\$90.00	\$60.00	\$30.00
Revizyon plan pou tretman		\$75.00	\$60.00	\$45.00	\$30.00	\$15.00

**Aksè a enfòmasyon**

Ou gen aksè a enfòmasyon ou si yon terapèst jije li pap koze w domaj nan okenn fason si yo divilge enfòmasyon an. Ou ka jwenn aksè pou w repase enfòmasyon an si w mande sa alekri. Pou jwenn aksè pou fè fotokopi enfòmasyon an, nou egzije yon demann alekri epi peman pri li koute pou fè fotokopi a.

Si w gen yon gadyen legal, gadyen legal ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon an epi li kapab patisipe nan planifikasyon pou tretman an.

**Pwogram pou avize menaj/madanm/mari**

Depatman Lasante nan Florida avize menaj/madanm/mari moun ki kapab te ekspozè a VIH oswa lòt enfeksyon moun trape nan fè sèks (STI) san peye epi an tout konfidansyalite. Ou annik ba yo enfòmasyon kote yo kapab kontakte moun ki kapab te ekspozè a epi yo fè rèz travay la. Moun yo avize yo gen opòtinite pou yo fè tès ak pou yo kòmanse resevwa tretman bonè, epi petèt yo kapab evite sitiyasyon ki menase lavi poutèt VIH oswa maladi moun trape nan fè sèks ki pa trete. Èske w vle itilize yon sèvis imèl konfidansyèl pou fè menaj/madanm/mari w konnen ou te ekspozè?

[www.inspot.org/florida](http://www.inspot.org/florida)

**Akò pou konfidansyalite**

**Moun ou wè isit la;  
Sa w tande isit la;  
Lè w soti isit la;  
Kite l rete isit la!**

Konfidansyalite vle di reponsabilite pou pwoteje kliyan an pou yo pa divilge enfòmasyon li san otorizasyon. Tankou w konnen, doktè dwe respekte kèk règ etik ak legal ki fò konsènan konfidansyalite. Anplwaye ki travay nan klinik nan Care Resource yo ap kenbe pwoblèm ou yo an tout konfidansyalite, eksepte si: (1) Ou se yon menas pou tèt ou oswa pou lòt moun (pa egzanzp, si w ka touye tèt ou oswa touye lòt moun), (2) Doktè w konnen oswa sispèk w ap maltrete yon timoun ki minè, oswa yon granmoun ki pa kapab defann tèt li, (3) ajans sa a, oswa yon reprezantan ajans lan, sou yon lòd tribinal, tankou yon manda (papyè tribinal) oswa yon depozisyon.

Puisse w se yon kliyan Care Resource, nou atann pou w respekte kèk règ sou konfidansyalite. Kliyan yo dwe santi yo an sekirite pou yo konnen nou pap divilge deklarasyon yo fè ak prezans yo kòm manm Care Resource, eksepte nan kondisyon nou fè konnen nan paragraf anwo a. Baz konfidansyalite a pèmèt chak kliyan eksplòre pwòp santiman yo nan yon anviwonman ki an sekirite san yo pa pè revanj oswa konsekans negatif lè yo tounnen deyò nan anviwonman ki pa anndan Care Resource la. Gen kliyan ki pa vle moun nan fanmi yo oswa lòt zanmi yo konnen yap resevwa sèvis nan Care Resource. Nou dwe respekte volonte kliyan sa yo.

Nou atann pou w pwoteje konfidansyalite lòt kliyan Care Resource yo. Sa vle di, presizeman, ou pa dwe divilge idantite okenn kliyan lè w pa nan Care Resource. Ou pa dwe pale de anyen ou aprann konsènan yon lòt kliyan nan Care Resource. Nou fè respekte règ sa yo sevèman pou pwoteje oumenm ak lòt kliyan Care Resource yo.

## Limit ki genyen nan konfidansyalite ou

Li enpòtan pou w konnen gen limit nan konfidansyalite enfòmasyon ou la. Sa vle di li posib pou moun/òganizasyon gen aksè a enfòmasyon ki nan dosye ka w la lè lalwa ak/oswa règleman yo egzije sa. Men kèk egzanp sou limit ki genyen nan konfidansyalite a:

- Yon jij kapab pase lòd pou yo fè yon revizyon nan dosye ka w la.
- Si nou kwè ou gen entansyon pou w fè tèt ou mal oswa pou w fè yon lòt moun mal, nou gen yon devwa etik e pwofesyonèl pou nou enfòmè lòt moun, tou depann de sikonstans yo.
- Nan sikonstans kote nou sispèk y ap maltrete yon timoun oswa yon granmoun ki pa kapab defann tèt li, yo egzije nou pou nou rapòte sa bay otorite konpetan yo.
- Lòt pwofesyonèl ki patisipe nan tretman ou kapab gen aksè a enfòmasyon ki nan dosye ka w la san ou pa bay konsantman ou alekri.
- Pandan yon kadijans medikal, n ap devwale enfòmasyon ki kapab ede pèsònèl k ap fè tretman pou ou a.
- Ou kapab fè yon demann alekri pou wè dosye ou.
- Ou kapab bay konsantman ou alekri pou nou devwale kèk pòsyon nan dosye ou bay yon lòt moun/òganizasyon.
- Nou kapab divilge enfòmasyon ou bay otorite lalwa yo lè gen yon krim ki fèt nan lokal nou yo oswa kont yon anplwaye nan pèsònèl nou an.
- Moun/òganizasyon ki peye pou tretman yo gen aksè nan enfòmasyon ou pou erè, pou revizyon kalite travay la, pou revizyon sou jan yo itilize enfòmasyon an ak pou fè rapò sou lasante piblik.
- Gen moun ki kapab wè w nan terapi an gwoup. Si sa rive, n ap fè oumenm ak chak lòt moun ki nan gwoup la konnen tout sa nou pale rete an sekre. Sa vle di non moun ki nan gwoup la yo ak nenpòt lòt pwoblèm yo diskite nan gwoup la. Nou pa dwe pale de sa ak okenn moun ki pa nan gwoup la. Konfidansyalite egziste sèlman jis nan pwèn yon malad fè lòt konfyans epi chak moun nan gwoup la youn respekte lòt. Si w vyole konfidansyalite sa a, sa ba nou ase rezon pou yo mete w deyò nan pwogram lan.

## Deklarasyon dwa kliyan yo

Puisse w se kilyan Care Resource, ou gen plizyè dwa. Nou toujou vle konnen ou enpòtan pou nou, epi nou vle sèvi w yon jan ki pwofesyonèl. Men kisa ou kapab atann:

1. Mwen gen dwa pou pèsònèl la trete mwen ak respè.
2. Mwen gen dwa pou mwen jwenn sèvis yo san diskriminasyon poutèt ras, laj, relijyon, nasyonalitye, orijin, si se fanm oswa gason mwen ye, oryantasyon seksyèl, enfimite oswa kondisyon ekonomik.
3. Mwen gen dwa pou mwen jwenn konfidansyalite (pou yo kenbe zafè mwen prive) eksepte lè se yon danje pou lòt moun oswa pou mwenmenm.
4. Mwen en dwa pou yo ban mwen yon pwofesyonèl ki fè tretman nan klinik.
5. Mwen gen dwa pou mwen patisipe aktivman nan devlopman ak revizyon plan endividyèl pou tretman mwen. Sa vle di dwa pou mwen konnen epi pou mwen rankontre ak manm pèsònèl pwofesyonèl ki responsab pou fè tretman pou mwen an, pou mwen konnen kalifikasyon pwofesyonèl yo epi pou mwen konnen moun lan ki fè pati pèsònèl la.

6. Mwen gen dwa pou mwen resevwa tretman ki gen mwens restriksyon ladan li an epi ki kapab ban mwen sa mwen bezwen yo.
7. Mwen gen dwa pou mwen pousuiv yon plent pa mwayen pwosedi pou pote plent alekri yo te ban mwen lè yo te pran premye enfòmasyon yo nan men mwen an.
8. Mwen gen dwa pou mwen konprann sèvis Care Resource ban mwen yo epi mwen gen dwa pou mwen konprann dwa mwen yo ak responsablite mwen yo antanke kliyan, anvan mwen resevwa tretman nan Care Resource.
9. Mwen gen dwa pou yo refere mwen pou sèvis nan ajans ki apwopriye pou mwen yo, lè sa mwen bezwen yo depase swen yo kapab ban mwen nan Care Resource la.
10. Mwen gen dwa pou mwen bay konsantman mwen lè mwen byen enfòme oswa pou mwen refize tretman epi pou yo fè mwen konnen konsekans ki genyen lè mwen refize a.
11. Mwen gen dwa pou mwen nan yon anviwonman ki imen epi ki an sekirite, ki ban mwen pwoteksyon rezonab kont danje ak konfidansyalite apwopriye a pa rapò a bezwen pèsonèl mwen.
12. Mwen gen dwa pou mwen mande pou yo chanje terapès mwen (si m ap fè terapi endividyèl). Mwen konprann y ap chanje terapès la sèlman aprè yo fin fè yon reyinyon ak Manadjè Sèvis sikosoyal la ak terapès yo te ban mwen an.

## Deklarasyon responsablite kliyan yo

Puiske w se kilyan Care Resource, ou gen anpil reponsablite. Nou toujou vle konnen ou konprann responsablite w yo epi ou aksepte kredi pou siksè ou genyen nan tretman an. Men kisa nou atann de oumenm:

1. Mwen gen responsablite pou mwen kenbe konfidansyalite lòt kliyan yo.
2. Mwen gen responsablite pou mwen suiv règ pwogram pou tretman nan sèvis sikosoyal yo.
3. Mwen gen responsablite pou mwen fè pwosedi pou pote plent yo menm jan li ekri nan Pwosedi pou kliyan pote plent lan pou nenpòt pwoblèm oswa enkyetid.
4. Mwen gen responsablite pou mwen fè terapès/manadjè ka nan ajans kote mwen resevwa sèvis yo, konnen m ap resevwa sèvis nan Care Resource tou. Mwen konprann kowòdonasyon sèvis ant ajans yo nan avantaj mwen.
5. M ap trete tout anplwaye, volontè ak kliyan Care Resource ak respè. Mwen pap maltrete yo ni vèbalman ni fizikman.
6. Mwen gen responsablite pou mwen suiv plan pou tretman mwen devlope ansanm ak terapès/manadjè ka mwen.
7. Mwen gen responsablite pou mwen kenbe tout randevou mwen fikse yo (administrasyon ka, terapi endividyèl ak an gwoup). M ap bay avi 24 èdtan davans si mwen bezwen rate yon randevou oswa ranvwaye yon randevou ak terapès/manadjè ka mwen pou yon lòt jou.
8. M ap eseye rete san mwen pa pran dwòg ni alkòl pandan mwen nan lokal Care Resource yo.
9. Mwen gen responsablite pou mwen mete terapès mwen ajou sou tout chanjman ki fèt nan sitiyasyon mwen (fizik, finansyèl, emosyonèl).
10. Mwen gen responsablite pou mwen bay tèt mwen pwòp transpòtasyon pa mwen depi li posib. Si mwen pa kapab bay tèt mwen pwòp transpòtasyon pa mwen, m ap kontakte manadjè prensipal ka mwen an pou mwen ka konnen ki resous ki genyen.

## Pwosedi pou pote plent

**Care Resource** ap travay avèk ou pou eseye rezoud tout pwoblèm ANVAN yo tounen yon plent. Puiske w se kliyan **Care Resource**, ou gen dwa depoze yon plent nenpòt ki lè, epi w gen dwa pou w atann yon repons byen vit. Sonje pou depoze yon plent sèlman lè w fin pase pa tout mwayen pou rezoud pwoblèm ou an.

Mete machasuiv ki pi ba la yo an pratik si w panse yo trete w yon jan ki pa jis oswa si w panse sèvis ou resevwa yo pa satisfè estanda yo.

1. Fè anplwaye k ap ba w sèvis la konnen ou bezwen yon randevou pou pale de pwoblèm oswa enkyetid ou genyen konsènan sèvis **Care Resource** la. Yo kapab mande w pou w ekri pwoblèm ou an oswa enkyetid ou a sou papye.

Siyati: Prenon: ID # Dat Nesans:

2. Si oumenm ak anplwaye k ap ba w sèvis la pa kapab dakò sou yon solisyon, ou kapab mande yon reyinyon ak sipèvizè depatman an. Ou kapab mande anplwaye a pou li fikse randevou a, oswa ou kapab kontakte li dirèkteman pou w pran yon randevou. Sipèvizè a ap ede oumenm ak anplwaye a rezoud pwoblèm lan.
3. Si sipèvizè a pa kapab ede oumenm ak anplwaye a jwenn yon solisyon nou santi nou alèz avèk li, ou kapab prezante pwoblèm ou an fòmèlman sou fòm yon plent epi pèmèt sipèvizè a fè yon ankèt sou plent lan, epi jwenn reyaksyon manadjè depatman an. Ou dwe atann yon repons sou plent ou an anvan **senk** (5) jou travay pase oswa pi bonè si li posib.
4. Si w pa satisfè ak jan yo rezoud plent lan, ou kapab pousuiv plent lan nan pwochen nivo a nan òganizasyon an. Nan ka sa yo, ou kapab mande sipèvizè a pou li pran yon randevou pou ou ak manadjè depatman an, oswa ou kapab pran randevou a poukont ou.
5. Si **Care Resource** pa kapab rezoud plent lan yon jan ou panse ki jis ak rezonab, ou gen dwa pote plent lan devan yon komite ekstèn ki fè revizyon plent pou w kapab jwenn yon solisyon:

**Nan Konte Dade, Kontakte:**

- a. Pou kliyan Ryan White Care Act Part A nan Konte Miami-Dade: 305 375-4742
- b. Pou Medicaid oswa Sèvis Eta a finanse, pa egzanp ARTAS oswa TANF: Florida Local Advocacy Council: 1-800-342-0825
- c. Pou Counseling Clients (kliyan kap suiv sesyon konsèy), ou kapab pousuiv yon plent pi lwen toujou tou depann de ki òganizasyon ki peye pou tretman ou oswa ki òganizasyon ki gen kontwòl sou konpòtman an oswa terapris ou a. Men òganizasyon ki peye ki pi popilè yo: Kowòdonatè garanti pwodwi/sèvis la nan SFAN nan (305) 585-5241, Ryan White Part A Substance Abuse and Mental Health Miami-Dade County nan 305 375-4742;
- d. Move tretman/neglijans yon moun ki pa kapab defann tèt li: 1800-96A-BUSE

**Nan Konte Broward, kontakte:**

- a. Broward County Part A Grantee's Office nan (954) 327-8750

**Asirans:**

- (1) Mwen te li Pwosedi pou kliyan pote plent lan epi mwen te resevwa yon kopi. Yo te eksplike mwen pwosedi a epi mwen konprann kisa ki ladan li.
- (2) Yo te fè mwen konnen, si mwen pa satisfè aprè mwen fin resevwa rezilta pwosedi entèn pou pote plent nan **Care Resource** la, mwen kapab pote plent mwen an dirèkteman devan Konte Miyami-Ded (pou kliyan Ryan White Part A) (305) 573-4002, oswa devan South Florida AIDS Network Quality Assurance Coordinator (pou kliyan k ap resevwa konsèy yo) (305) 584-5241. Yo fè mwen konnen tou si mwen santi pèsònèl la ak/oswa ajans lan maltrete mwen, mwen kapab kontakte Florida Department of Children and Families [Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid] nan (800) 96a-buse oswa pou Sèvis Medicaid oswa Eta a finanse yo, pa egzanp ARTAS oswa TANF: Florida Local Advocacy Council – nimewo kontak la se: 1-800-342-0825.
- (3) Si mwen deside depoze yon plent kont **Care Resource**, mwen bay konsantman mwen pou yo devwale nenpòt enfòmasyon konfidansyèl ki nan dosye mwen konsènan plent mwen pote a. Mwen konprann yo pral itilize enfòmasyon mwen bay volontèman nan fòm pou pote plent nan **Care Resource** la oswa nenpòt enfòmasyon yo jwenn pa nenpòt lòt mwayen kominikasyon pou fè investigasyon. Konsantman pou devwale enfòmasyon konfidansyèl la ap ekspire 90 jou apre **Care Resource** resevwa avi sou plent mwen pote a. Mwen konprann mwen kapab retire plent mwen an epi sispann pwosedi pou plent lan nenpòt ki lè.
- (4) Yo fè mwen konnen pote yon plent pap anpeche mwen resevwa okenn sèvis mwen kalifye pou yo, epi sa pap anpeche mwen jwenn aksè a okenn sèvis mwen kalifye pou yo.

**Règ pwogram pou tretman yo**

Filename: Care Resource Kreyol Intake 2010.doc  
Created on 04/29/1006/04  
Adapted by Care Resource 1/31/2009

Akò pou mwen patisipe epi pou mwen respekte, prensip ak règleman sa yo Depatman Sèvis sikososal Care Resource la etabli yo, egzije pou mwen jwenn aksè nan sèvis isit la.

1. Mwen pap legalman posede, itilize, vann, bay, ni resevwa dwòg, alkòl, oswa lòt sibstans ilegal pandan mwen nan lokal Care Resource la oswa pandan mwen tou pre lokal yo.
2. Mwen pap fè avans seksyèl ouvètmàn anvè pèsonèl, kliyan, volontè, oswa lòt moun ki nan lokal Care Resource la oswa tou pre lokal la.
3. Mwenmenm ak terapèst mwen ak/oswa manadjè ka a ap negosye yon kontra pou tretman endividyèl ki pral kòmanse alekri, epi terapèst mwen ak/oswa manadjè ka a ansanm avèk mwen ap siyen nenpòt chanjman ki fèt nan kontra a.
4. M ap eseye pa bwè alkòl ni pran dwòg 24 èdtan anvan epi lè mwen ale nan randevou mwen.
5. M ap avize terapèst mwen ak/oswa manadjè ka mwen 24 èdtan davans lè m ap anile yon randevou.
6. Mwen konprann si mwen gen plis pase 3 absans youn aprè lòt, sa kapab fè yo mete mwen deyò nan pwogram lan, amwenke terapèst ak/oswa manadjè ka mwen apwouve.
7. M ap respekte règ yo oswa konfidansyalite a, menm jan li defini nan Akò pou Konfidansyalite a.
8. Mwen pap gen okenn konpòtmàn vyolan ni mwen pap fè menas vèbal ni fizik kont anplwaye, kliyan, volontè, oswa pwopriyete ki tou pre oswa ki nan lokal Care Resource la.-----

### **AVI SOU PRENSIP POU KONFIDANSYALITE**

Dat ofisyèl la: 19/05/2008

*Avi sa a dekri kouman nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou ak kouman ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa a. Tanpri repase li ak anpil atansyon.*

1. DWA W GENYEN KONSÈNAN ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL OU:
  - a. Pou revize, fè fotokopi (\*fotokopi sou papye tou) epi resevwa enfòmasyon;
  - b. Pou mande dwa pou fè chanjman nan enfòmasyon ou si li pa kòrèk (byenke nou pa oblije fè sa);
  - c. Pou resevwa yon bilan sou enfòmasyon ki divilge, san se pa yon bagay ki fèt pa woutin, oswa pou resevwa yon bilan sou enfòmasyon ou ki devwale san otorizasyon pandan 6 ane;
  - d. Pou mande yon restriksyon sou kèk jan yo itilize oswa divilge enfòmasyon ou (byenke nou pa oblije fè sa);
  - e. Pou depoze yon plent si w kwè yo vyole\* dwa w yo; epi
  - f. Pou resevwa kominikasyon konfidansyèl.

*Pou mande enfòmasyon konsènan dwa w genyen nan enfòmasyon sou lasante, ranpli yon demann alekri epi voye li bay: Medical Care & Research Services Manager: 3510 Biscayne Blvd, #300, Miami FL 33137 oswa bay Medical Care Services Supervisor: 830 East Oakland Park Blvd. Suite 121, Ft. Lauderdale, FL 33334*

2. MEN PLIZYÈ JAN DOKTÈ KAPAB ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL OU ANTANKE YON MALAD (yo PA egzije okenn konsantman medikal ki presize sa):
  - a. Pou swen medikal ou:
    - i. Pa egzanp, ekip k ap fè tretman medikal pou ou a kapab pataje enfòmasyon medikal ou ansanm ak remak yo fè yo, pou yo kapab wè kouman w ap reyaji a tretman an, epi pou kominike ak espesyalis.
    - ii. Pa egzanp, nou kapab itilize enfòmasyon sou swen medikal ou pou kontakte w konsènan yon randevou.
  - b. Pou prepare bòdwo pou sèvis medikal ou yo

Siyati: Prenon: ID # Dat Nesans:

- i. Pa egzanzp, nou kapab voye yon bòdwo bay konpayi asirans ou, epi nan bòdwo a kapab gen dyagnostik ou, pwosedi nou te fè yo epi medikaman/aparèy nou itilize yo.
- c. Pou nou administre sèvis nou yo
  - i. Pa egzanzp, nou kapab itilize enfòmasyon ou pou nou fè aktivite ki kapab amelyore kalite, epi pou nou amelyore kalite ak efikasite travay nou fè a.
  - ii. Pa egzanzp, kolaboratè nou yo kapab bezwen enfòmasyon konfidansyèl pou yo kapab fè travay nou mande pou yo fè a. Kolaboratè nou yo vle di ajans ki bay otorizasyon ofisyèl, laboratwa, asosyasyon lopital leta, avoka nou yo ak kontab nou yo.
3. JAN NOU UTILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL OU AMWENKE OU GEN OBJEKSYON:
  - a. Pou fanmi ak zanmi ki patisipe nan tretman ou lan;
  - b. Konsènan lòt tretman altènatif oswa lòt avantaj medikal ki ta kapab enterese ou;
  - c. Aktivite ki pou fèt pou rapòte lajan; epi
  - d. Pou fè malad sonje randevou.

Si w gen nenpòt objeksyon sou jan nou di nou itilize epi divilge enfòmasyon ou nan paragraf anwo a, ou dwe ranpli yon demann alekri epi voye li bay: Medical Care & Research Services Manager; 3150 Biscayne, Blvd., #300, Miami, FL 33137 oswa Medical Care Services Supervisor; 830 East Oakland Park Blvd., Suite 121, Ft. Lauderdale, FL: 33334.

4. JAN NOU DWE UTILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL OU (san konsantman ou):
  - a. Lè lalwa federal oswa lalwa etatik egzije sa;
  - b. Bay otorite lasante piblik nan nivo federal ak etatal pou prevansyon maladi;
  - c. Pou ajans sèvis pwotektif, ki gen otorizasyon pou resevwa rapò sou move tretman, neglijans ak vyolans famiyal;
  - d. Pou ajans gouvènmantral ki kontwole erè;
  - e. Lè li egzijib dapre yon lòd tribinal;
  - f. Pou fè respekte lalwa;
  - g. Pou yon moun kap fè otopsi, yon medsen lejis, oswa yon direktè mezon finèb pou yo kapab fè travay yo;
  - h. Dapre pwotokòl ki etabli pou fè rechèch (IRB oswa apwobasyon Komite pou Konfidansyalite);
  - i. Lè li egzijib pou evite yon menas grav pou lasante oswa pou sekirite;
  - j. Pou pwogram asirans pou aksidan nan travay (worker's compensation);
  - k. Asiyasyon nan tribinal oswa kalite pwosedi sa yo; epi
  - l. Sekirite Nasyonal ak Ajans pou Entèlijans yo.

Apade jan ki dekri nan paragraf anwo yo, li entèdi pou itilize enfòmasyon medikal lòt jan amwenke ou bay yon otorizasyon espesifik. Ou gen dwa revoke otorizasyon sa a nenpòt ki lè alekri, eksepte si nou te deja sèvi avèk li.

5. OBLIGASYON PA NOU:
  - a. Yo egzije pou nou mentni konfidansyalite enfòmasyon medikal ou epi pou nou ba w yon avi sou obligasyon legal nou yo ak sou prensip pou konfidansyalite nou yo.
  - b. Yo egzije pou nou respekte kondisyon ki gen nan avi sa a.
  - c. Nou rezève dwa nou genyen pou nou chanje kondisyon ki gen nan avi sa a epi pou nou afiche yon nouvo avi lè li ofisyèl.
6. \*DWA POU POTE PLENT:
  - a. Si w kwè nou vyole dwa w genyen dapre avi sa a, ou kapab pote yon plent bay Medical Care & Research Services Manager oswa Medical Care Services Supervisor, si w vini isit la pou resevwa swen medikal. Si w vini isit la pou resevwa Sèvis sikososyal, ou kapab voye plent ou an bay Psychosocial Services Manager. Kontakte biwo nou nan 305-576-1234 epi mande yon fòm pou pote yon plent. Ou dwe pote tout plent yo alekri.
  - b. Si w pa kontan ak jan yo trete plent ou an, ou kapab kontakte Secretary of Health and Human Services (Sekretè Sèvis Lasante ak Sèvis Imen).
  - c. Lalwa entèdi nou pran revanj poutèt yon moun pote yon plent.
7. POU PLIS ENFÒMASYON:

Ou kapab kontakte ajan ki okipe zafè konfidansyalite a nan 3510 Biscayne, BLD Suite 300, Miami, FL 33137 oswa rele 305-576-1234 ekstansyon 301, pou nenpòt enfòmasyon anplis konsènan prensip sa a. Anplis, ou kapab pase pa pwosedi pou pote plent nou te dekri nan dokiman ki tache ak dokiman sa a.

**Konsantman pou tretman medikal**

Mwenmenm malad ki siyen nan fen dokiman sa a, oswa mwenmenm ki reprezantan ki gen otorizasyon malad la epi k ap aji nan non malad la, mwen konsanti pou mwen fè tout tès nesèsè yo, medikaman, tretman ak pwosedi pèsònèl medikal la ak lòt ajans ak/oswa anplwaye Care Resource yo ap fè pou etid, dyagnostik ak tretman maladi mwen (yo).

Yo di mwen non doktè ki responsab prensipalman pou swen mwen an ansanm ak non, nivo pwofesyonèl ak relasyon pwofesyonèl lòt moun ki pral patisipe nan tretman mwen yo; epi kapab gen lòt doktè ak lòt pèsònèl anplis ki patisipe nan tretman mwen tou.

Mwen konprann, eksepte nan kadijans oswa nan sikonstans ekstrawòdinè, pèsònèl medikal la pap fè pwosedi ki pa fèt pa woutin ni gwo pwosedi medikal yo sou mwen amwenke, mwen gen opòtinite pou mwen pale de pwosedi sa yo ak yon doktè epi mwen dakò pou yo fè yo.

Mwen konnen pwosedi medikal ak operasyon yo pa yon syans egzak epi mwen fè konnen, nan Care Resource, yo pa ban mwen okenn garanti sou rezilta dyagnostik yo, konsiltasyon yo oswa tretman yo.

Nan dokiman sa a, mwen bay Care Resource otorizasyon pou yo kenbe, prezève, ak/oswa itilize pou rechèch syantifik, terapetik, komèsyal oswa pou anseye, oswa pou lòt objektif yo decide nenpòt espesimèn oswa tisi yo pran nan kò mwen pandan tretman mwen.

Nan dokiman sa a, mwen bay manadjè anchèf nan Care Resource la aksè nan dosye medikal mwen pou yon rezon mwen byen presize, pou li kapab fè evalyasyon sou kalite tretman pèsònèl la ap kontinye fè a. Anplis mwen bay manadjè anchèf nan Care Resource la otorizasyon pou li itilize pòsyon nan dosye medikal mwen yo, ki nesèsè pou fè edikasyon oswa pou jere pèsònèl la, pouvike yo pap idantife dosye yo kòm dosye pa mwen espesyalman, san mwen pa bay pèmision mwen.

Nan dokiman sa a, mwen bay manm pèsònèl medikal la ak lòt moun kap fè rechèch medikal yo otorizasyon pou itilize dosye medikal ak rezilta mwen yo pou yo fè rechèch medikal de bòn fwa. Men, yo pa kapab idantifye dosye mwen yo kòm dosye pa mwen espesyalman, san mwen pa bay pèmision mwen.

Mwen dakò pou yo devwale enfòmasyon ak dosye medikal mwen yo bay enstitisyon, ajans, òganizasyon swen lasante, oswa pwofesyonèl medikal ki aksepte mwen pou swen medikal oswa pou swen nan enstitisyon yo. Anplis mwen dakò pou yo devwale enfòmasyon medikal mwen bay konpayi asirans ak/oswa fabrikan pwodui famasetik ak lòt ajans ki konsènen yo pou rezon sa yo Utilization Review and Quality Assurance Review (fè revizyon sou jan yo itilize yo ak pou fè revizyon pou asirans kalite travay la), men san yo pa limite a rezon sa yo sèlman ak pou sipòte aplikasyon pou pwogram ki bay asistans pou malad.

Nan dokiman sa a, mwen bay otorizasyon pou yo fè peman benefis, ki revni mwen de dwa nan nenpòt reklamasyon ak/oswa nan men asirans maladi ki kouvri mwen epi ki ta dwe peye mwen, dirèkteman bay Care Resource, pouvike peman dirèk sa yo pa depase kantite frè medikal oswa frè klinik yo chaje pou tretman sa yo. Mwen dakò tou pou yon fotokopi, yon kopi yon faks nimerik oswa yon faks nòmral, otorizasyon sa a valab menm jan ak orijinal la.